



Benefis Retrèt yo

Sa ki andedan an

Social Security ak plan retrèt ou	1
Benefis retrèt ou yo	1
Benefis fanmi yo	4
Sa Ou Bezwen Konnen lè ou kalifye pou benefis retrèt yo	5
Yon mo sou Medicare	7
Kilè ou dwe aplike pou Medicare?	8
Pou kontakte Sekirite Sosyal	9

Social Security ak plan retrèt ou

Social Security se yon pati nan plan retrèt prèske chak travayè Ameriken. Si ou fè pati 96 poustan travayè ki kouvri ak Social Security, ou dwe konnen kijan sistèm nan mache. Ou dwe konnen tou konbyen ou pral resevwa nan men Social Security lè ou pran retrèt ou. Ti liv sa a eksplike:

- Kijan ou vin kalifye pou benefis Social Security;
- Kijan lajan ou fè yo ak laj ou ka afekte benefis ou yo;
- Kisa ou dwe konsidere lè ou ap deside kilè ou pral pran retrèt ou; epi
- Pouki ou pa ta dwe konte sou Social Security pou tout revni retrèt ou.

Enfòmasyon sa yo sou benefis retrèt Social Security pa genyen repons a tout kesyon yo. Pou enfòmasyon espesifik ki gen rapò ak sitiayson ou an, pale ak yon reprezantan Social Security.

Benefis retrèt ou yo

Kijan pou ou kalifye pou benefis retrèt yo?

Pandan w ap travay epi peye taks Social Security, ou genyen «kredi» pou benefis Social Security yo. Kantite kredi ou bezwen pou ou jwenn benefis retrèt yo gen rapò ak kilè ou te fèt. Si ou te fèt nan lane 1929 oswa pi ta, ou bezwen 40 kredi (10 lane travay).

Si ou sispann travay anvan ou genyen ase kredi pou ou kalifye pou benefis yo, kredi yo pral rete nan dosye Social Security ou an. Si ou retounen

travay pi devan, ou ka ajoute plis kredi pou ou kalifye. Nou pa kapab peye ankenn benefis jiskaske ou genyen kantite kredi ki nesesè a.

Konbyen lajan avantaj retrèt ou an pral ye?

Nou baze kantite lajan benefis ou an sou konbyen ou fè pandan karyè travay ou. Pi gwo salè pandan lavi ou bay pi gwo benefis. Si te gen kèk ane ke ou pat travay, oubyen ou te gen ti salè, kantite lajan benefis ou an ka vin pi ba ke si ou t ap travay regilyèman.

Laj ou deside pran retrèt ou an afekte benefis ou yo tou. Si ou pran retrèt ou nan laj 62 lane, laj retrèt ki pi ba posib pou Social Security, benefis ou an pral pi ba, pito ou te tann. Paj 2-4 eksplike politik sa a ak plis detay.

Kont my Social Security sou entènèt

Ou ka fasilman kreye kounya a yon kont sekirize sou entènèt *my Social Security*. Sa pèmèt ou jwenn aksè a Deklarasyon *Social Security* ou pou ou verifye salè ou yo epi jwenn estimasyon benefis ou yo. Ou ka tou itilize kont sou entènèt *my Social Security* pou ou mande yon nimewo kat Social Security w ap ranplase (disponib nan kèk eta ak District of Columbia). Si ou resevwa benefis yo, ou ka tou:

- Jwenn lèt verifikasyon benefis ou;
- Chanje adrès ou ak nimewo telefòn ou;
- Mande yon kat ranplasman Medicare;
- Mande yon ranplasman SSA-1099 oubyen SSA-1042S pou sezon taks la; oubyen
- Kòmanse oswa chanje depo dirèk ou.

Ou ka kreye yon kont *my Social Security* si ou gen laj 18 lane oswa plis, genyen yon nimewo Social Security, yon adrès postal valid Etazini, ak yon adrès imèl. Pou ou kreye yon kont, ale nan www.socialsecurity.gov/myaccount. Ou pral bezwen pou ou bay kèk enfòmasyon pèsonèl pou ou konfime idantite ou. Yo pral mande ou pou ou chwazi yon non itilizatè ak yon modpas, epi apre yo pral mande ou adrès imèl ou. Ou pral bezwen chwazi tou kijan ou ta renmen resevwa

yon kòd sekirite y ap ba ou yon sèl fwa — nan yon telefòn selilè pa tèks oswa nan adrès imèl ou te anrejistre a — ou pral bezwen pou ou randre li pou ou fin kreye kont ou an. Chak fwa ou konekte ak non itilizatè ou epi modpas ou, nou pral voye yon kòd sekirite yon sèl fwa nan telefòn selilè ou oswa nan adrès imèl ou. Kòd sekirite a se yon pati nan pwosedi sekirite amelyore nou an pou pwoteje enfòmasyon pèsonèl ou yo. Kenbe sa nan tèt ou, tarif founisè telefòn selilè ou an pou mesaj tèks ak data ka aplike.

Jwenn estimasyon benefis retrèt pesonalize yo

Ou ka itilize *Estimatè Retrèt* sou entènèt nou an pou ou jwenn estimasyon benefis retrèt pèsonalize epi menm kote a pou ede ou planifie retrèt ou. *Estimatè Retrèt* sou entènèt la se yon zouti planifikasyon finansyè pratik epi sekirité ki elimine nesesite pou antre manyèlman plizyè lane enfòmasyon salè. Estimatè a pral kite ou kreye tou plizyè kalite senaryo. Ou ka, pa egzanp, chanje dat ou kanpe travay yo oswa salè ou prevwa ou ka resevwa yo pou ou kreye epi konpare diferan opsyon retrèt yo.

Pou plis enfòmasyon, li piblikasyon an, *Online Retirement Estimator (Estimatè Retrèt sou entènèt)* (Piblikasyon No. 05-10510), oswa vizite sit entènèt nou an nan www.socialsecurity.gov/estimator.

Laj retrèt konplè an

Si ou te fèt nan lane 1951 oswa pi bonè, ou déjà kalifye pou tout benefis Social Security ou yo. Laj retrèt konplè an se 66 lane si ou te fèt soti nan 1943 rive nan 1954. Laj retrèt konplè an ogmante pwogresivman si ou te fèt soti nan 1955 rive nan 1960 jiskaske ou rive laj 67 lane. Pou nenpòt moun ki fèt an 1960 oswa pi ta, yo ka peye li benefis retrèt konplè li yo nan laj 67 lane. Tablo ki vin apre an endike laj retrèt konplè an selon ane nesans ou.

Laj pou resevwa benefis konplè Social Security yo	
Ane Nesans	Laj retrèt konplè an
1943-1954	66
1955	66 ak 2 mwa
1956	66 ak 4 mwa
1957	66 ak 6 mwa
1958	66 ak 8 mwa
1959	66 ak 10 mwa
1960 oubyen pi ta	67

NÒT: Moun ki fèt nan 1ye janvye nenpòt ki lane, konsidere ane ki vin anvan an.

NÒT: Malgre laj retrèt konplè a pa 65 lane ankò, ou ta dwe aplike pou Medicare twa (3) mwa anvan 65yèm anivèsè ou. Gade paj 8 pou plis enfòmasyon.

Retrèt bonè

Ou ka jwenn benefis retrèt Social Security byen bonè depi nan laj 62 lane. Sepandan, nou pral diminye benefis ou an si ou pran retrèt ou anvan ou rive nan laj retrèt konplè a. Pa egzanp, si ou gen 62 lane an 2018, benefis ou an pral anviwon 26.7 poustan pi ba pase sa li ta dwe ye nan laj retrèt konplè ou an, 66 lane ak 4 mwa.

Kèk moun pral sispann travay anvan laj 62 lane. Men si yo fè sa, lane san salè yo pral pwobableman vle di benefis Social Security pi ba lè yo pran retrèt yo.

NÒT: Kèk fwa pwoblèm sante fòse moun yo pran retrèt yo pi bonè. Si ou pa ka travay akoz pwoblèm sante, konsidere aplike pou benefis envalidite Social Security. Montan benefis envalidite an se menm ak benefis retrèt konplè a, san rediksyon. Si ou ap jwenn benefis envalidite Social Security yo lè ou rive nan laj retrèt konplè a, nou konvèti benefis sa yo an benefis retrèt. Pou plis enfòmasyon, li Benefis Envalidite yo (Piblikasyon No. 05-10029-HC).

Retrèt retade

Ou ka chwazi pou ou kontinye travay apre laj retrèt konplè ou an. Si ou fè sa, ou ka ogmante benefis Social Security ou pral jwenn apre yo nan de (2) fason.

Chak lane anplis ou travay ajoute yon lòt lane salè nan dosye Social Security ou an. Salè pi elve pandan lavi ou ka vle di benefis pi elve lè ou ap pran retrèt ou.

Epitou, benefis ou an pral ogmante yon sèten poustantaj apati lè ou rive nan laj retrèt konplè ou an, jiskaske ou kòmanse resevwa benefis yo, oswa jiskaske ou rive nan laj 70 lane. Pa egzanp, si ou te fèt nan lane 1943 oswa pi ta, nou pral ajoute 8 poustan nan benefis ou an pou chak ane konplè ou retade resepsyon benefis Social Security ou yo apre laj retrèt konplè ou an.

NÒT: Si ou deside retade retrèt ou an, asire ou ou aplike pou Medicare nan laj 65 lane. Nan kèk sikorans, asirans medikal koute plis si ou retade aplikasyon ou an pou li. Lòt enfòmasyon sou Medicare se nan paj 7.

Deside lè ou pral pran retrèt ou

Chwazi lè pou ou pran retrèt ou se yon desizyon enpòtan epi pèsonèl. Nenpòt ki laj w ap pran retrèt ou, kontakte Social Security an avans pou ou konnen chwa ou yo epi pran pi bon desizyon an. Kèk fwa, chwa ou nan zafè mwa retrèt ka vle di pèman benefis ki pi wo pou ou ak fanmi ou.

Social Security ranplase yon poustantaj nan revni avan retrèt yon travayè ki baze sou kòb li fè pandan lavi l. Kantite lajan nan salè mwayen ou benefis retrèt Social Security yo ranplase varye, sadepan montan salè ou yo ak kilè ou chwazi kòmanse touche benefis yo. Si ou kòmanse touche benefis yo nan laj 67 an, poustantaj sa a varye soti nan 75 poustan pou moun ki te gen yon ti salè piti, li pase anviwon a 40 poustan pou moun ki te gen yon salè mwayen, epi rive nan apeprè 27 poustan pou moun ki te gen gwo salè yo. Si ou kòmanse touche benefis yo anvan laj 67 an, poustantaj sa yo ap pi ba, epi apre laj 67 lane yo pral pi wo. Pi fò konseye finansye yo di ou pral bezwen anviwon 70 poustan nan revni

anvan retrèt ou pou ou viv konfòtab pandan retrèt la, sa gen ladann benefis Social Security ou yo, envestisman yo ak lòt kòb ou te sere pèsonèlman. Pou plis enfòmasyon sou lòt faktè pou ou konsidere pandan ou panse a kilè ou pral kòmanse resevwa benefis retrèt Social Security, li *Your Retirement Checklist (Lis Verifikasiyon Retrèt ou)* (Piblikasyon No. 05-10377).

Ou dwe aplike pou benefis yo kat (4) mwa anvan dat ou vle benefis ou yo kòmanse. Si ou pa pare pou ou retrete, men ou ap panse a fè sa pi ta, ou dwe vizite sit entènèt Social Security pou ou itilize *Planifikatè Retrèt* pratik epi enfòmatif nou an nan www.socialsecurity.gov/benefits.

Avantaj retrèt pou vèv ak vèf yo

Vèf ak vèv yo ka kòmanse jwenn benefis Social Security yo nan laj 60 lane, oswa nan laj 50 lane, si yo enfim. Vèf ak vèv yo ka pran avantaj redui nan yon dosye, epi apre chanje pou benefis konplè nan yon lòt dosye pi devan. Pa egzanp, yon fanm ka pran yon benefis vèv redui nan laj 60 oswa 62 lane, epi chanje pou benefis retrèt konplè li an nan laj retrèt konplè li. Ou bezwen pale ak Social Security sou chwa ou yo, paske règ yo kapab diferan pou demann ou an.

Benefis fanmi yo

Benefis pou manm fanmi yo

Si ou ak jwenn benefis retrèt Social Security, kèk manm fanmi ou ka jwenn benefis tou, tankou:

- Mari oswa madanm ki gen 62 lane oswa plis;
- Mari oswa madanm ki pi jèn pase 62 lane, si yo ap pran swen yon timoun ki gen dwa sou dosye ou an epi ki pi jèn pase 16 lane oswa ki enfim;
- Ansyen mari oswa madanm, si yo gen 62 lane oswa pi gran (Wè "Benefis pou on mari oswa madanm divòse" nan paj 5.);
- Pitit yo jiska laj 18 lane, oswa laj 19 lane si yon se elèv a tan plen epi yo pokò te gradye nan lekòl segondè; epi
- Pitit ki enfim, menm si yo gen 18 lane oswa plis.

Si ou vin paran yon timoun (menm si se adopsyon) apre ou kòmanse ap resevwa benefis yo, fè nou konnen sa. Epi nou pral deside si timoun nan kalifye pou benefis yo.

Benefis mari oswa madanm

Mari oswa madanm yo ki pa janm te travay oswa gen ti salè ka touche jiska mwatye benefis konplè yon travayè. Si ou kalifye pou pwòp benefis retrèt ou epi pou benefis kòm mari oswa madanm, n ap toujou peye pwòp benefis ou an anvan. Si benefis ou yo kòm yon mari oswa madanm pi wo pase pwòp benefis retrèt ou, w ap jwenn yon konbinezon benefis yo ki egal benefis kòm mari oswa madanm ki pi wo a.

Pa egzanp:

Mary Ann kalifye pou yon benefis retrèt \$250 epi yon benefis kòm madanm \$400 Nan laj retrèt konplè li, li pral jwenn pwòp \$250 benefis retrèt li an. Nou pral ajoute tou \$150 ki soti nan benefis kòm madanm li an, pou yon total \$400. Si li pran benefis retrèt li an anvan laj retrèt konplè li an, nou pral diminye tou de (2) montan yo.

Si ou genyen pou pi piti laj retrèt konplè a epi ou kalifye pou pwòp benefis retrèt ou yo epi tou pou benefis kòm mari oswa madanm (oswa yon moun divòse), ou ka chwazi pou ou mete restriksyon nan aplikasyon ou an, aplike pou youn nan benefis yo, epi retade aplikasyon pou lòt la pou yon dat pi devan.

Anba yon lwa ki pase nan lane 2015, moun ki fèt nan oswa apre 2 janvyé, 1954 pa genyen opsyon sa a ankò. Si yo kalifye pou de (2) benefis yo, pwòp benefis retrèt yo epi benefis kòm mari oswa madanm (oswa yon mari oswa madanm ki divòse), yo dwe aplike pou de (2) benefis yo. Yo rele sa "aplikasyon konsidere." Si ou aplike pou yon benefis, ou dwe aplike pou lòt la tou, menm si ou pral kalifye pou li jis apre.

Si ou ap resevwa yon panson ki baze sou travay ou pat peye taks Social Security pou li, nou ka diminye benefis mari oswa madanm ou an. Plis enfòmasyon sou panson yo ki soti nan travayki pa kouvri pa Social Security nan paj 7.

Si mari oswa madanm yo jwenn avantaj retrèt Social Security anvan yo rive nan laj retrèt konplè yo, nou diminye benefis la. Montan nou diminye benefis la baze sou kilè moun nan ap rive nan laj retrèt konplè an.

Pa egzanp:

- Si laj retrèt konplè an se 65 lane, yon mari oswa madanm ka jwenn 37.5 poustan nan benefis travayè an ki pa diminye nan laj 62 lane;
- Si laj retrèt konplè an se 66 lane, yon mari oswa madanm ka jwenn 35 poustan nan benefis travayè an ki pa diminye nan laj 62 lane;
- Si laj retrèt konplè an se 67 lane, yon mari oswa madanm ka jwenn 32.5 poustan nan benefis travayè an ki pa diminye nan laj 62 lane.

Avantaj la ogmante nan laj pi vin apre yo jiska maksimòm 50 poustan nan laj retrèt konplè an. Si laj retrèt konplè an pat parèt la a, nan laj 62 lane benefis la ap tonbe ant 32.5 poustan ak 37.5 poustan.

Mari ou oswa madanm ou ka jwenn benefis konplè yo, kèlkeswa laj la, si l ap pran swen yon timoun ki gen dwa nan dosye ou an. Timoun nan dwe gen mwens pase 16 lane, oswa enfim (avan laj 22 lane).

NÒT: Mari oswa madanm aktyèl ou an paka jwenn benefis kòm mari oswa madanm yo jiskaske ou aplike pou benefis retrèt yo.

Benefis timoun yo

Timoun ki sou kont ou an ka jwenn benefis yo nan dosye lajan ou fè yo lè ou kòmanse benefis retrèt Social Security ou yo. Ptit ou an kapab resevwa jiska mwatye nan tout benefis ou an.

Pou li jwenn benefis yo, ptit ou an dwe pa marye epi:

- Pi jèn pase 18 lane; oswa
- Genyen 18-19 lane epi elèv a tan plen (pa pi wo pase 12 yèm ane); oswa
- 18 lane oswa plis epi enfim avan laj 22 lane.

Nan kèk sikontans, nou ka peye benefis yo tou bay yon bofis, ptit ptit, bò ptit ptit oswa yon timoun ki adopte.

NÒT: Timoun ki enfim yo paran yo gen revni oswa resous ki limite kapab kalifye pou benefis Supplemental Security Income yo. Pou plis enfòmasyon, vizite sit entènèt nou an oswa rele nan nimewo gratis nou an.

Maksimòm benefis fanmi an

Si ou genyen timoun ki kalifye pou Social Security, chak pral resevwa jiska mwatye nan tout benefis ou an. Men genyen yon limit kantite lajan nou ka peye ou ak fanmi ou. Limit la varye ant 150 ak 180 poustan nan pwòp peman benefis ou an. Si benefis total yo pou mari/madanm epi ptit ou yo plis pase limit sa a, nou pral diminye benefis yo an. Benefis ou an pap afekte.

Benefis pou yon mari/madanm divòse

Mari/madanm divòse ou an ka jwenn benefis yo nan dosye Social Security ou an si maryaj la te dire pou pi piti 10 lane. Mari/Madanm divòse ou an dwe genyen 62 lane oswa pi gran epi pa dwe marye.

Benefis yo li jwenn nan pa afekte montan ou menm oswa mari/madanm aktyèl ou an ka jwenn.

Epi, ansyen mari/madanm ou an ka jwen avantaj yo menm si ou pa retrete. Ou dwe gen pou pi piti 62 lane epi divòse depi omwen de (2) lane.

Sa Ou Bezwen Konnen lè ou kalifye pou benefis retrèt yo

Kijan ou enskri pou Social Security ?

Ou kapab aplike pou benefis retrèt yo sou entènèt nan www.socialsecurity.gov oswa rele nimewo gratis nou an **1-800-772-1213** (TTY **1-800-325-0778**). Oswa ou ka pran yon randevou pou vizite nenpòt biwo Social Security pou ou aplike pèsonèlman.

Dapre sikonstans ou yo, ou pral bezwen kèk oswa tout nan lis dokiman sa a ki anba a. Pa ranvwaye aplikasyon pou benefis yo si ou pa gen tout enfòmsyon yo. Si ou pa genyen yon dokiman ou bezwen, nou ka ede ou jwenn li.

Enfomasyon ak dokiman ou pral bezwen, sa gen ladann:

- Nimewo Social Security ou;
- Batistè ou;
- Fòm W-2 ou yo oswa deklarasyon enpo pou travayè endepandan pou lane anvan an;
- Papye dechaj militè ou si ou te nan sèvis militè;
- Batistè mari/madanm ou ak nimewo Social Security li si li ap aplike pou benefis yo;
- Batistè ptit ou yo ak nimewo Social Security yo si ou ap aplike pou benefis timoun yo;
- Prèv sitwayènte U.S. (Ameriken) ou oswa estati imigrasyon legal si ou (oswa yon mari/madanm oswa yon timoun ki ap aplike pou benefis) pat fèt nan United States (Etazini); epi
- Non enstitisyon finansyè ou an, nimewo woutaj nan epi nimewo kont ou pou depo dirèk yo. Si ou pa genyen yon kont nan yon enstitisyon finansyè, oswa si ou prefere resevwa benefis ou yo nan yon kat debi prepeye, ou ka pran yon kat Direct Express®. Pou plis enfòmasyon, ale sou sitwèb www.GoDirect.org.

Ou dwe prezante dokiman orijinal yo ak kopi yo ki sètifye pa biwo ki emèt yo a. Ou ka poste yo oswa pote yo nan Social Security. Nou pral fè fotokopi epi retounen dokiman ou yo.

Dwa pou konteste

Si ou pa dakò avèk desizyon yo te fè sou reklamasyon ou an, ou ka konteste li. Pou yon eksplikasyon sou etap yo ou ka pran, li *The Appeals Process* (Piblikasyon No. 05-10041-HC).

Ou ka jere pwòp kontestasyon ou ak èd gratis Social Security, oswa ou ka chwazi pou ou genyen yon reprezantan ki pou ede w. Nou

kapab ba ou enfòmasyon sou òganizasyon yo ki ka ede w jwenn yon reprezantan. Pou plis enfòmasyon sou seleksyon yon reprezantan, li *Your right to Representation (Dwa ou pou yo Reprezante ou)* (Piblikasyon No. 05-10075-HC).

Si w ap travay epi ou jwenn benefis yo an menm tan

Ou kapab kontinye travay epi toujou resevwa benefis retrèt yo. Salè ou nan (oubyen apre) mwa ou rive nan laj retrèt konplè a pap diminye benefis Social Security ou yo. Nou pral gen pou nou diminye benefis ou yo, sepandan, si salè ou yo depase sèten limit pou mwa yo anvan ou rive nan laj retrèt konplè a. (Wè tablo a nan paj 3 pou ou jwenn laj retrèt konplè ou an.)

Men kijan li mache:

Si ou pi jèn pase laj retrèt konplè ou an, nou pral retire \$1 benefis pou chak \$2 benefis ou genyen anplis limit anyèl la.

Nan ane ou rive nan laj retrèt konplè a, nou pral diminye benefis ou yo pa \$1 pou chak pou chak \$3 ou genyen sou yon limit anyèl. Rediksyon sa a kontinye jiska mwa ou rive nan laj retrèt konplè a. Yon fwa ou rive nan laj retrèt konplè an, ou ka kontinye ap travay, epi nou pap diminye benefis Social Security ou an, kèlkeswa kantite kòb ou fè.

Si, pandan ane an, revni ou yo pi wo oswa pi ba pase sa ou te estime, fè nou konnen pi bonè posib pou nou ka ajiste benefis ou yo.

Yon règ mansyèl espesyal

Yon règ mansyèl espesyal aplike a revni ou yo pou yon lane, abityèlman premye ane retrèt ou an. Sou règ sa a, ou ka jwenn yon chèk Social Security konplè pou nenpòt mwa ou fè lajan sou yon sèten limit, kèlkeswa revni anyèl ou yo.

Si ou vle plis enfòmasyon sou kijan revni yo afekte benefis retrèt yo, li *How Work Affects Your Benefits (Kijan travay afekte avantaj ou yo)* (Piblikasyon No. 05-10069-HC). Papye sa a gen yon lis limit revni aktyèl anyèl la ak mansyèl la.

Yo ka takse benefis ou yo.

Anviwon 40 poustan moun ki jwenn Social Security pral gen pou yo peye taks sou benefis yo an. Pa egzanp:

- Si ou ranpli yon deklarasyon taks federal kòm “endividyèl”, epi revni konbine* ou an ant \$25,000 epi \$34,000, ou ka gen pou ou peye taks sou plis pase 50 poustan nan benefis Social Security ou yo. Si revni konbine ou an plis pase \$34,000, ou ka peye taks sou plis pase 85 poustan nan benefis Social Security ou yo.
- Si ou fè yon deklarasyon konjwen, ou ka gen pou ou peye taks yo sou 50 poustan nan benefis ou yo si ou menm ak mari/madanm ou gen yon revni total ant \$32,000 ak \$44,000. Si revni konbine ou an plis pase \$44,000, ou ka peye taks sou plis pase 85 poustan nan benefis Social Security ou yo.
- Si ou marye epi ou ranpli deklarasyon revni separe, li pwobab ou pral peye taks sou benefis ou yo.

Nan fen chak ane, n ap pral poste ou yon *Benefit Statement (Deklarason Benefis) Social Security* (Fòm SSA-1099) ki montre montan benefis ou te resevwa. Itilize deklarasyon sa a lè ou ranpli deklarasyon revni federal ou an pou ou konnen si ou dwe peye taks sou benefis ou yo.

Menm lè ou pa gen pou w mande Social Security kenbe taks federal yo, ou ka twouve li pi fasil pase pou ou peye taks yo estime yo chak trimès.

Pou plis enfòmasyon, rele nimewo telefòn gratis Sèvis Revni Entèn yo (Internal Revenue Services) nan **1-800-829-3676**, pou ou mande pou Piblikasyon 554, *Gid Taks pou Senyò yo*, ak Piblikasyon 915, *Social Security epi Ekivalan Railroad Retirement Benefits*.

* Nan deklarasyon revni 1040 lan, “revni konbine” ou yo se sòm revni brit ajiste ou an, plis plis enterè yo pa takse yo, plis mwatye benefis Social Security ou yo.

Pansyon sou travay Social Security pa kouvri yo

Si ou genyen yon pansyon sou travay ou te peye taks Social Security pou li, pansyon sa a pap afekte benefis Social Security ou yo. Sepandan, si ou genyen yon pansyon retrèt oswa enfimite sou yon travay Social Security pa kouvri — pa egzanp, sèvis civil federal la, kèk travay eta oswa gouvènman lokal la, oswa travay nan yon peyi etranje — nou ka diminye benefis Social Security ou an.

Anplwaye gouvènman an ki elijib pou benefis Social Security yo sou dossier revni yon mari/madanm kapab li *Government Pension Offset (Konpansasyon Pansyon Gouvènman an)* (Piblikasyon No.05-10007) pou plis enfòmasyon. Moun ki te travay nan yon lòt peyi, oswa anplwaye gouvènman yo ki kalifye tou pou pwòp benefis Social Security yo, kapab li *Windfall Elimination Provision* (Piblikasyon No. 05-10045).

Kite Etazini

Si ou se yon sitwayen U.S., ou ka vwayaje, oswa viv nan, prèske tout peyi etranje yo san ou pa afekte benefis Social Security ou yo. Genyen, sepandan, kèk peyi kote nou paka voye peman Social Security. Peyi sa yo se Azerbaijan, Belarus, Cuba, Kazakhstan, Kyrgyzstan, Moldova, North Korea, Tajikistan, Turkmenistan, Ukraine, ak Uzbekistan. We. Nou ka fè eksepsyon sepandan, pou kèk benefisyè ki kalifye pou lòt peyi yo sof Cuba ak North Korea. Pou plis enfòmasyon sou eksepsyon sa yo, kontakte biwo lokal Social Security ou an.

Si ou travay deyò United States, diferan règ aplike nan deside si ou ka jwenn benefis yo.

Pou plis enfòmasyon, li *Your Payments While You Are Ousided The United States (Peman ou yo lè ou pa Etazini)* (Piblikasyon No.05-10137).

Yon mo sou Medicare

Medicare se yon plan asirans sante pou moun ki gen 65 lane oswa plis pase sa. Moun ki enfim, ki nan dènye stad Maladi Ren (ensifizans renal

pèmanan ki mande dyaliz oswa transplantasyon ren), oswa skleroz lateral amyotwofik (maladi Lou Gehrig), ka jwenn Medicare a nenpòt ki laj.

Kilè ou dwe aplike pou Medicare?

Si ou potko ap jwenn avantaj yo, ou ta dwe kontakte Social Security anviwon twa (3) mwa anvan 65yèm anivèsè ou pou ou enskri pou Medicare. Ou ta dwe enskri pou Medicare menm si ou pa gen plan pou ou retrete a laj 65 an.

Si ou te deja ap jwenn benefis Social Security yo oswa pèman Railroad Retirement Board yo, nou pral kontakte ou kèlke mwa anvan ou vin kalifye pou Medicare epi voye ba ou enfòmasyon. Si ou viv nan youn nan 50 eta yo, Washington, D.C., Northern Mariana Islands, Guam, American Samoa, oswa U.S Virgin Islands, nou pral enskri ou otomatikman nan Pati A ak B Medicare. Sepandan, kòm ou dwe peye yon prim pou pwoteksyon pati B an, ou ka chwazi pa aksepte enskri.

Nou pa pral enskri ou otomatikman nan plan medikaman sou preskripsiyan Medicare la (Pati D). Pati D a opsyonèl epi ou dwe chwazi pwoteksyon sa a. Pou dènye enfòmasyon sou Medicare, vizite sit entènèt la oswa rele nan nimewo gratis ki endike anba a.

Medicare	Sitwèb: www.Medicare.gov Nimewo gratis: 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) Nimewo TTY: 1-877-486-2048
-----------------	--

NÒT:

Si ou pa enskri pou Pati B ak Pati D premye fwa ou kalifye a, ou kapab bezwen peye yon penalite enskripsiyan an reta pou tout tan ou gen pwoteksyon Pati B ak Pati D an. Epitou, ou ka gen pou ou tann pou ou enskri, sa ki pral mete pwoteksyon an an reta.

Moun ki rete Puerto Rico oswa nan peyi etranje yo pap resevwa Pati B an otomatikman. Yo dwe chwazi benefis sa a.

Si ou gen yon Health Savings Account (HSA) (Kont Depay pou Sante)

Si ou gen yon HSA lè ou enskri pou Medicare, ou paka kontribye nan HSA ou an yon fwa pwoteksyon Medicare ou an kòmanse. Si ou kontribye nan HSA ou an apre pwoteksyon Medicare ou an kòmanse, ou ka gen pou ou peye yon penalite kòm taks. Si ou ta renmen kontinye kontribye nan HSA ou an, ou pata dwe aplike pou benefis Medicare, Social Security, oswa Railroad Retirement Board (RRB) yo.

NÒT:

Pwoteksyon Pati A san prim nan kòmanse 6 mwa anvan dat ou aplike pou benefis Medicare (oswa Social Security/RRB) yo, men pa anvan premye mwa ke ou te kalifye pou Medicare la. Pou ou evite penalite taks la, ou dwe sispann kontribye nan HSA ou an omwen 6 anvan ou aplike pou Medicare.

“Extra Help” (Ed an plis) ak kou Medikaman sou Preskripsiyan Medicare yo.

Si ou gen revni ak resous ki limite (ki lye ak nivo povrete federal la), ou ka kalifye pou Extra Help pou ou peye pou medikaman sou preskripsiyan ou yo sou Pati D Medicare. Wòl Social Security nan pwogram sa a se pou:

- Ede ou konprann kòman ou ka kalifye
- Ede ou konplete aplikasyon Extra Help la; epi
- Trete aplikasyon ou An

Si ou aplike pou Extra Help, nou pral kòmanse tou yon aplikasyon pou Medicare Savings Programs (Pwogram Epay Medicare la), sof si ou di nou pa fè sa. Pou wè si ou kalifye oswa pou aplike, rele nimewo gratis Social Security a, oswa vizite sit entènèt nou an nan www.socialsecurity.gov/extrahelp.

Ed ak lòt kou Medicare yo

Si ou gen revni ak resous ki limit, eta ou an ka peye prim Medicare ou yo epi, nan kèk ka, lòt depans medikal ki te “soti nan pòch ou”, tankou dediktib yo, ko-peman yo ak ko-asirans.

Sèl eta ou an ka deside si ou kalifye pou èd ki soti nan Medicare Savings Programs. Pou ou konnen, kontakte eta ou an oswa ajans asistans medikal lokal (Medicaid), oswa biwo sèvis sosyal yo.

Medicare gen kat (4) pati

- Pati A Medicare la (asirans lopital) ede peye pou swen lopital pasyan ki entène ak sèten sèvis syivi.
- Pati B Medicare la (asirans medikal) ede peye pou sèvis doktè yo, swen lopital pou pasyan ki pa entène ak lòt sèvis medikal.
- Pati C Medicare la (Plan Medicare Advantage yo) disponib nan plizyè zòn. Moun ki gen Pati A ak B Medicare yo ka chwazi resevwa tout sèvis swen sante yo a travè yon konpayi asirans prive ki apwouve pa Medicare pou bay pwoteksyon sa a.
- Pati D Medicare la (Pwoteksyon medikaman sou preskripsiyo Medicare) ede kouvri kou medikaman sou preskripsiyo yo.

Pou plis enfòmasyon, li *Medicare* (Publication No. 05-10043-HC).

Pou kontakte Sekirite Sosyal

Genyen plizyè fason pou kontakte Sekirite Sosyal, san wete sou entènèt, pa telefòn, epi an pèsòn. Nou la pou n reponn kesyon w yo epi pou n sèvi w. Depi plis pase 80 ane, Sekirite Sosyal te ede sekirize lavi w jodi a ak demen lè l ofri benefis ak pwoteksyon finansye pou dèmilyon moun nan pakou y ap fè nan lavi yo.

Vizite sitwèb nou an

Fason ki pi pratik pou regle biznis nan Sekirite Sosyal nenpòt kote nenpòt lè, se lè w vizite sitwèb nou an www.socialsecurity.gov. Nan sit la, ou kapab:

- Kreye yon kont *my Social Security* pou egzamine *Social Security Statement (Deklarasyon Sekirite Sosyal)* ou a, verifye revni w, enprime yon lèt verifikasyon benefis, chanje enfòmasyon pou depo dirèk ou, fè demann pou yo ranplase kat Medicare ou, jwenn yon ranplasman pou fòm SSA-1099/1042S, ak anpil lòt bagay ankò;
- Aplike pou jwenn Extra Help (èd siplemantè) avèk depans plan Medicare pou medikaman ou achte avèk preskripsiyon;
- Aplike pou benefis retrèt, envalidite ak Medicare;
- Jwenn kopi piblikasyon nou yo;
- Jwenn repons pou kesyon moun konn poze souvan; ak
- Anpil lòt bagay ankò!

Kèk nan sèvis yo disponib sèlman nan lang anglè. Vizite Multilanguage Gateway (pòtay multilang) nou an pou enfòmasyon nan lang kreyòl ayisyen. Nou ofri sèvis entèprèt gratis pou ede w regle biznis Sekirite Sosyal ou yo. Sèvis entèprèt sa yo disponib kit ou pale avèk nou pa telefòn kit ou vini nan biwo Sekirite Sosyal la.

Rele nou

Si w pa gen aksè nan entènèt, nou ofri plizyè kalite sèvis otomatize, 24 sou 24, 7 jou pa semèn. Rele nou gratis nan **1-800-772-1213** oswa nan nimewo TTY nou an, **1-800-325-0778**, si w soud oswa ou gen difikilte pou tande.

Si w bezwen pale avèk yon moun, nou ka reponn apèl ou yo apati 7 è dimaten jiska 7 è diswa, de lendi a vandredi. Nou mande w pou pasyan pandan peryòd nou okipe anpil paske w ka jwenn plis siyal okipe epi w ka gen pou ret tann pi lontan anvan w gen opòtinite pou pale avèk nou. N ap tann pou n sèvi w.



Securing today
and tomorrow

Social Security Administration
Publication No. 05-10035-HC | January 2018

Benefis Retrèt yo

Retirement Benefits (Haitian-Creole)

Produced and published at U.S. taxpayer expense
Se lajan kontribiyab Ozetazini peye ki pèmèt yo pwodui epi pibliye piblikasyon sa a